



Kisa pou w fè si w jwenn yon Notice to Appear (avi pou konparèt) devan tribinal imigrasyon an

(What to Do If You Get a Notice to Appear for Immigration Court)

Fèy enfòmasyon sa a pale sou sa pou ou fè si w resevwa yon dokiman pa lapòs ki rele “Notice to Appear” pou tribinal imigrasyon. Se Department of Homeland Security (Depatman Sekirite Enteryè) ki voye li. Sa vle di gouvènman an ap eseye depòte w.

Pou li fèy enfòmasyon sa a nan lang angle oswa yon lòt lang, ale vizite:

LawHelpMN.org



Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.



Kisa ki nan yon Notice to Appear

Ki sa yon Notice to Appear ye?

Yon Notice to Appear oswa NTA se yon dokiman ou ka jwenn nan men Department of Homeland Security. Sa vle di gouvènman an ap eseye depòte w epi **ou dwe ale nan tribinal** la. Yon Notice to Appear di poukisa gouvènman an panse yo ta dwe depòte w. Li ta dwe tou di **dat la ak kote premye odyans ou a ye.**

Si mwen resevwa yon Notice to Appear, èske sa vle di mwen gen yon odyans azil?



Non. Yon Notice to Appear **sèlman** vle di gouvènman an ap eseye depòte w.

- Li **pa** vle di ke yon azil oswa lòt pwosesis egzonerasyon te kòmanse. Si ou vle azil oswa yon lòt kalite egzonerasyon, ou dwe aplike pou li.
- Li **pa** vle di ke ou gen pèmisyon pou travay Ozetazini. Si ou vle travay, ou dwe aplike pou pèmisyon.

Ki sa ki anndan yon Notice to Appear?

[Gen egzanp Notice to Appear](#) nan fèy enfòmasyon sa a. Yon Notice to Appear bay kat detay.

- 1. Enfòmasyon sou ou.** Li pral di non ou, dat nesans ou, adrès, ak nimewo telefòn ou. Li pral di tou A Nimewo oswa yo trele l tou "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. Nimewo sa a enpòtan anpil. W ap bezwen li pandan ka imigrasyon w lan. Kenbe l ansekirite.
- 2. Rezon ki fè gouvènman an vle depòte w.** Li pral di ki pati nan lwa gouvènman an panse ou te vyole.
- 3. Kote, dat ak lè premye odyans ou a.**
- 4. Siyati ofisyè depatman sekirite enteryè a.** Moun ki voye Notice to Appear la dwe siyen ak date dokiman an.

In removal proceedings under section 240 of the Immigration and Nationality Act:

Subject ID: _____

FINS: _____

File No. **A Nimewo oswa yo rele l tou "Nimewo"**

DOB: **Dat nesans ou**

Event No: _____

In the Matter of:

Respondent: **Prenon epi non fanmi w** currently residing

at: **Adrès kote w rete a ak nimewo telefòn ou**

(Number, street, city and ZIP code)

(Area code and phone number)

1. You are an arriving alien. **Si bwat 1 oswa 2 make, gouvènman an di ou te antre Ozetazini san papye.**

2. You are an alien present in the United States who has not been admitted or paroled.

3. You have been admitted to the United States, but are removable for the reasons stated below.

Si bwat 3 make, gouvènman an di ou te antre Ozetazini ak papye, men ou pa isit la legalman kounye a.

The Department of Homeland Security alleges that you:

Reyalite yo kont ou yo pral nan lis sa a. Li ta ka di ke ou pa yon sitwayen ameriken ak peyi ou soti a. Li pral tou di ki pati nan lwa gouvènman an di ou te vyole.

This notice is being issued after an asylum officer has found that the respondent has demonstrated a credible fear of persecution or torture.

Section 235(b)(1) order was vacated pursuant to: 8CFR 208.30(f)(2) 8CFR 235.3(b)(5)(iv)

YOU ARE ORDERED to appear before an immigration judge of the United States Department of Justice at:

Adrès tribinal kote ou bezwen ale pou odyans ou a

(Complete Address of Immigration Court, including Room Number, if any)

on **Dat odyans ou a** at **Lè odyans ou a** to show why you should not be removed from the United States based on the charge(s) set forth above.

Date: **Dat yo te voye Notice to Appear ou**

4.

Siyati ofisye departman sekirite enteryè a ki te voye ba w Notice to Appear a

(Signature and Title of Issuing Officer)

Vil ak eta kote ofisye a ap travay

(City and State)

See reverse for important information.

Ki lwa gouvènman an ta ka akize (di) mwen te vyole?

Egzanp: Notice to Appear Mateo a

Gouvènman an ka di w te rive Ozetazini san papyè. Nan egzanp sa a, Mateo te travèse fwontyè ilegalman soti Meksik pou antre Etazini.




Bwat #2 te make. "Ou se yon etranje prezan nan Etazini ki yo pa te admèt oswa yo pa t ba w libète pwovizwa (paroled)."

Depatman sekirite enteryè a akize ke:

- Ou pa yon sitwayen ameriken oswa yon moun nasyonal ameriken.
- Ou se yon sitwayen Meksik.
- Ou te rive Ozetazini nan El Paso, Texas, nan dat 8 janvyè 2024.
- Yon ofisye imigrasyon pa t admèt ou oswa ba w libète kondisyonèl apre enspeksyon ou.

Egzanp: Notice to Appear Hani a

Gouvènman an ka di w te rive Ozetazini ak papyè (tankou yon viza tanporè) men ou pa isit la legalman kounye a. Gouvènman an ka di ke viza tanporè ou te fini epi ou pa t aplike pou estati pèmanan. Yo ta ka di w pa t swiv règ yo pou kenbe viza tanporè ou. Oswa yo ka di ou te komèt yon krim ki vle di ou pa ka kenbe viza tanporè ou. Nan egzanp sa a, Hani te vin Ozetazini ak yon viza etidyan, men li te oblije sispann edikasyon li apre sis mwa. Enskri nan lekòl la se youn nan règ pou kenbe viza elèv li.



Bwat #3 te make. "Ou te admèt Ozetazini, men yo ka fòse transfè w pou rezon ki endike anba a."

Depatman sekirite enteryè a akize ke:

- Ou pa yon sitwayen ameriken oswa yon moun nasyonal ameriken.
- Ou se yon sitwayen Somali.
- Yo te ba w yon viza etidyan nan dat 1ye jiyè 2023.
- Yo te admèt ou Ozetazini nan John F. Kennedy International Airport, New York - 4701 nan dat 15 out 2023.
- Ou pa enskri nan lekòl la. Ou pa t respekte kondisyon viza elèv ou a.

Kisa pou w fè apre w jwenn yon Notice to Appear (avi pou konparèt)



Tcheke pou asire w dat ak lè odyans ou a kòrèk.

- **Pa telefòn.** Rele liy gratis EOIR a nan **1-800-898-7180**. Antre A Nimewo oswa yo trele l tou "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. (Ale sou immigrationhelp.org pou jwenn A Nimewo ou a.) Sèvi ak meni opsyon pou tcheke dat ak lè odyans ou a. Liy dirèk la an angle ak panyòl. Pouse 2 pou èd nan lang panyòl.
- **Sou entènèt:** Ale sou : acis.eoir.justice.gov. Antre A-Nimewo ou. Gade "Next Hearing Information" (Enfòmasyon sou Pwochen Odyans) ak "Court Contact Information"(Enfòmasyon pou Kontakte Tribinal la).

Avi Notice to Appear ou la pou w konparèt pa ka nan telefòn oswa nan sistèm sou entènèt la imedyatman. Si ou te resevwa yon avi Notice to Appear men sistèm telefòn oswa sou entènèt la di ou pa gen yon odyans pwograme, **swiv enstriksyon ki nan avi a epi ale nan odyans ou a**. Kontinye tcheke telefòn lan oswa sistèm sou entènèt yon fwa pa jou pou dènye enfòmasyon yo.

02



Asire w ke non w, dat nesans ou (DOB), ak adrès ou kòrèk.

- **Si adrès ou a pa bon nan Avi Notice to Appear,** rapòte nouvo adrès ou a bay tribinal imigrasyon an, imigrasyon ak Egzekisyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn (ICE), ak Depatman Sekirite Enteryè. LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon pou ede w rapòte yon chanjman adrès. Ale sou: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/reporting-change-address-immigration-court
- **Si ou te deplase nan yon lòt eta epi ou vle deplase odyans imigrasyon ou nan yon lòt tribinal,** depoze yon demann pou chanje lokal ou a. LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon pou ede w rapòte yon chanjman adrès. Ale sou: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/how-move-your-immigration-hearing-different-court-change-your-venue
- **Si non w oswa dat nesans ou (DOB) pa kòrèk,** di jij la nan premye odyans ou a.

03



Pale ak yon avoka si ou kapab.

Gouvènman an ka voye yon lis avoka gratis ak Avi Notice to Appear ou. Ou ka rele yo. Ou kapab tou chèche avoka ki bay sèvis gratis sou LawHelpMN.org.

Avoka gratis yo nan gwo demann. Ou pa garanti yon avoka gratis jis paske ou mande pou youn. Ou ka anboche yon avoka prive tou si ou kapab peye youn. **Si w kapab rankontre yon avoka, li pral vle wè Avi Notice to Appear ou a.**

Si ou pa jwenn yon avoka, ou toujou bezwen ale nan premye odyans ou a. Ou ka defann tèt ou si ou pa ka jwenn yon avoka pou ede w.

04



Fè kopi.

Avi Notice to Appear ou pou w konparèt se yon dokiman enpòtan. Fè kopi li oswa pran yon foto ak telefòn ou. Kenbe l ansekirite.

05



Pote li nan premye odyans ou a.

Jij la ap mande w si w te resevwa yon Avi Notice to Appear pou w konparèt. Li ka itil pou w genyen li avèk ou. Ale nan lawhelpmn.org oswa eskane kòd QR la pou w jwenn yon fèy enfòmasyon sou sa w ka atann pou premye fwa w ale nan tribinal imigrasyon an.



Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.

Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòma.

© 2025 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodui dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsònèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.